

# Kesyon pou Poze yon Founisè Travay

Panse ak itilize dokiman sa a pou gide w nan konvèsasyon w ak yon Founisè Travay. Tanpri, konnen gen anpil faktè ki gen enpak sou rapidite sèvis yo. Sonje byen, eksperyans chak moun inik.

## Prensip fondamantal yo

- Ki bagay ki pi enpòtan an pou m konnen sou ajans ou a?
- Kòman w ap asire ke pwosesis rechèch travay la adapte ak mwen/ak bezwen mwen yo?
- Kòman ou pral vin konnen konpetans, enterè, ak kapasite m?
- Si m vle enplike lòt moun nan lavi m ki konnen m pi byen, kijan ou pral mete yo nan pwosesis la?

## Kalite Sèvis la

- Konbyen moun ou anplwaye nan ekip sèvis travay ou a?
- Pale m de anplwaye w yo – depi konbyen tan y ap fè travay sa a?
- Èske w gen yon lis datant pou sèvis yo?
- Èske w ap travay avèk Biwo Pennsilvani pou Reyadaptasyon Pwofesyonèl (Office of Vocational Rehabilitation, OVR), Biwo Pwogram Devlopmanal Pennsilvani (Office of Developmental Programs, ODP), Medicaid Waivers, Ticket to Work, oswa lòt sous finansman?
- Nan ki sektè ajans ou a gen eksperyans ak (swen sante, lavant an detay, biwo, elatriye)?
- Si m bezwen aranjman nan travay la, kijan w pral soutni m?

## Rechèch Travay

- Kijan w ap kòmanse pwosesis rechèch travay la avèk mwen?
- Kijan w pral ede m jwenn travay ki koresponn pi byen avèk lavi m?
- Kijan ou pral ede m konnen vwayaj aleretu mwen?
  - Èske w ap anseye m kijan pou m fè ale retou nan travay?
  - Èske w ap anseye m kisa pou m fè si wout mwen an pa disponib?
- Kijan w ap ede m konprann fason avantaj mwen yo (Revnè Sekirite Siplemanntè (SSI) oswa Sekirite ban m sipò nan Sosyal Asirans Andikap (SSDI)) ka afekte?
  - Kimoun ki pral ede m konprann benefis mwen yo epi èske moun sa yo sètifye pou bay enfòmasyon sa yo?
- Ki lòt travay enteresan oswa kreyatif ou te okipe?

## Sipò pou Travay

- Ak ki kalite sipò mwen ka atann mwen pandan devlopman travay ak sou teren nan men w?
- Kijan ou pral ede m si mwen bezwen ekipman espesyal pou m plis endepandan nan travay la? (sètadi yon pwogram enfòmasyon, klavye, liv imaj, sistèm kòd koulè, elatriye)
- Pandan konbyen tan yon coach travay pral travay?

## Rezilta yo

- Konbyen moun ou te bay sipò pou jwenn travay nan dènye ane a?
- Konbyen travay ajans lan te jwenn nan dènye ane a?
- Ki salè mwayen moun ajans ou a sipòte yo?
- Pou moun ou soutni yo, konbyen tan yo rete nan travay yo a?
- Kijan ou ede moun ou soutni yo pou yo avanse nan karyè yo?

## ANNOU TRAVAY!

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale nan [philaonthejob.org](http://philaonthejob.org)

foto: Steve Weinik